**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлими**

**Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты**

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ ИЗЕРТЛЕЎЛЕР: ТАРИЙХ ҲӘМ ЗАМАНАГӨЙЛИК

Қарақалпақстанға мийнети сиңген
илим ғайраткери, тарийх илими кандидаты
Хожахмет Есбергеновтың 90-жыллығына бағышланған
илимий-әмелий конференция

## МАТЕРИАЛЛАРЫ

Нөкис
«Илим»
2023

УОК 008(575.172)+94(575.172)
КБК 63.3(5Қар)
Қ50

*Қарақалпақстанда этнографиялық изертлеўлер: тарийх ҳәм заманагөйлик // Республикалық илимий-әмелий конференция материаллары. ӨзРИАҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты. Нөкис: «Илим» баспасы, 2023ж., 132 б.*

Топлам Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты Илимий Кеңесиниң (2023-жыл, 10-апрель күнги №3-санлы баянлама) қарарына тийкарланып Қарақалпақстан Республикасының этнография илимине өз үлесин қосқан Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери, тарийх илими кандидаты Хожахмет Есбергеновтың 90-жыллығы мүнәсибети менен шөлкемлестирилген «*Қарақалпақстанда этнографиялық изертлеўлер: тарийх ҳәм заманагөйлик*» атамасындағы республикалық илимий-әмелий конференция материаллары.

***Бас редактор:*** *Қарлыбаев М.А.*
***Жуўаплы редактор:*** *Курбанова З.И.*
***Таярлаўшы:*** *Сайтов А.Т.*

*Топламда берилип атырылған материаллардағы мағлыўматлардың ҳәм мазмунының дурыслылығына авторлар жуўапкер, олардың пикирлери редакцияның пикирлери болып есапланбайды.*

ISBN 978-9943-8869-6-4 © «Илим» баспасы, 2023ж.

# МУҚАДДЕС ОРЫНЛАРҒА ҚОЙЫЛҒАН АЙЫРЫМ АТАМАЛАР ТАРИЙХЫ

*Р.А. Исметов*
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими,*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты,*
*этнография бөлиминиң таяныш докторанты*

Мәмлекетимиз бойлап жайласқан тарийхый ҳәм муқаддес зиярат орынлары пайда болыўы ҳәм себеплери бойынша халық арасында бир қанша аңыз-әпсаналар тарқалған. Бул орынлар бойынша тарийхшы, этнограф, әдебиятшы, фольклорист ҳ.т.б тараўдағы алымларымыз тәрепинен бир қанша изертлеў жумыслары алып барылған. Бул орынларға зиярат етиўшилер тәрепинен ҳәр түрли үрп-әдет ҳәм дәстүрлер әмелге асырылып атама атлары да соған қарата қойылған.

Ерте дәўирлерден ата-бабаларымыз зиярат орынларына барып зиярат етиўлери ҳәзирги күнге шекем сақланып киятырған дәстүрлеримизден болып саналады. Ата-бабалардың қәбирлерин зиярат етиўден тысқары түсинде аян берген орынларға ямаса жасы үлкен ата ҳәм кемпир апалардың айтыўлары бойынша зияратқа барыўшылар жийи-жийи ушырасады. Булар тийкарынан жумысы жүриспей жүргенлер, кеселликке шалынғанлар, арқасы көтерилген ямаса «жин урғанлар», бир жумыс баслаўдан алдын жумысына раўаж нийет етип кетиўшилер, перзентли бола алмай жүрген ҳаяллар ҳ.т.б топардағы зиярат етиўшилерди ушыратыўымыз мүмкин.

Елимиз бойлап жайласқан бул мийрасларымызды қандай ҳалында жетип келген болса сол көринисинде сақлап қалыў, сол арқалы келешек әўладқа жеткериў баслы мақсет болып есапланады.

Республикамызда бундай бир неше зиярат орынлары белгили. Ислам дүньясына белгили улама бабаларымыздың мақбаралары жайласқан аймақларды үйрениў де илимпазлардың баслы ўазыйпаларынан саналады. Бул орынларда болып, сол аймақлардың халқынан усы зиярат орынлары туўралы сорап, буларды жыйнап анализ етиў оғада әҳмийетли. Бундай орынлар Қарақалпақстан Республикасы районларында жийи-жийи ушырасады. Бул белгили болған әўлийелердеги ата-бабаларымыздың қәбирлерин зиярат етиў, әтирапларын абаданластырыў, усы орынларға барыўшы зиyaратшылар ушын қолайлы шараятларды жаратыў баслы мәселелердиң бири болып есапланады. Сол арқалы бул орынларға шет елли туристлерди топлаў, оларды қызықтырыў, имканиятлар жаратыў бүгинги талаплардың бири саналады.

Бул зиярат орынларының зәрүрлигин кең халық массасына түсиндириў ең әҳмийетли ўазыйпалардан. Халық арасында кең таралған, жоғалыў алдында турған халық аўызеки дөретпелерин топлаў ҳәм бул топланған мағлыўматларды ғалаба хабар қураллары арқалы жәриялап барыў илимпазлардың алдында турған ўазыйпалардың бири. Мине, усы арқалы елимиз бойлап жайласқан бундай муқаддес орынлар бойынша бир қанша кең мағлыўматлар жыйналады ҳәм туризм тараўына пайдалы болады.

Бундай орынлар елимиздиң ҳәр бир районында ушырасады. Мысалы, Шымбай районында жайласқан Мардан баба, Қараөзек районындағы Қошқар-ата, Кегейли районында орналасқан Нурымбет ахун, Мойнақ районындағы Жантемир ийшан ата, Беруний районындағы Кеширмес баба сыяқлы зиярат орынлары халқымызға белгили.

Кегейли районынан Шымбай районына барар жолда, «Май жап» арнасының арқа тәрепи, шеп тәрепин жағалаған жол да әҳмийетке ийе. Онда «Қызылөзек» АПЖ аймағында жайласқан Мардан баба ямаса халық арасында Мардан ата деп те аталыўшы ерте дәўирлерде пайда болған ҳәм ҳәзирги күнде жергиликли халық ямаса усы аймақа жақын жерде аўыл халықлары елеге шекем марҳумларды жерлеп келип атырған зиярат орны жайласқан. Мардан баба бул жерге Араб еллеринен ислам динин таратыў мақсетинде келген. Баба усы аймақ халқына ислам динин таратыўда үлкен хызмет еткен. Бабаның келген дәўири бойынша анық бир мағлыўмат жоқ. Бирақ, информаторымыздың айтыўы бойынша Султан ўайс баба, Нарынжан баба, Беке ата, Әзизлер баба қатарында келген қусайды. Бирақ тарийхый мағлыўматларға сүйенетуғын болсақ, жоқарыда аты аталған әўлийе уламаларымыз ҳәр дәўирде жасаған. Солай етип, Мардан баба IX-XIV әсирлер аралығы шамасында жасап, ислам динин ен жайдырыўда үлкен хызмет еткен болыўы итимал. Мардан баба таң намаз оқыйтуғын ўақытта Кабба Тулла алдына келип турады екен. Сонда бир күни баба Жупар елтиси менен шай ишип отырғанда былай айтыпты:

- Мен улама адамман. Мен намаз оқыған ўақтымда Кабба Тулла алдыма келип турады. Сонда елтиси «бунда мениң де хызметлерим бар шығар» депти. Баба «қойса ондай гәпти» деп елтисиниң кеўлине тийипти. Ертесине Жупар елти тамақ писирер ўақтында алдын қазанға жаман нәрселер түсип кетпесин деп 10 қабат етип таўар менен қазанның бетин жаўады екен. Сол күни 9 қабат етип жаўыпты. Баба намаз ўақтында Кабба Тулла көз алдына келмепти. Соннан соң баба ҳаялының да кийели екенлигин тән алыпты. Солай етип буннан кейин халық арасында «Мардан баба, Жупар елти болмаса зордан баба» деген аңыз кең таралып кеткен екен. Және бир рәўият: Мардан бабаның ислерин тексериў мақсетинде Араб еллеринен Арзиреў бабаны жиберипти. Ол киси улама болыпты. Қандай да бир себеплер менен усы жерде қаза таўыпты. Кейин усы жерге жерленипти, Мардан баба сол гезде ўәсият етипти: Мен дүньядан өткеннен соң мени зиярат етип келиўшилер дәслеп Арзиреў бабаны, соң мени зиярат етсин! Соннан бери бул жерди зиярат етиўшилер алдын Арзиреў бабаны, соң Мардан бабаны зиярат етеди екен (АДЖ 2022, № 12).

Кегейли районы, Абат АПЖ, Добал кенегес аўыл аймағында Нурымбет ахун зиярат орны жайласқан. Бул усы аймақтағы жергиликли халық арасында айрықша әҳмийетке ийе орын болып есапланады. Нурымбет ахун 1893-1971- жыллары аралығында жасаған. Ол диний саўатлы, жоқары билимге ийе болған улама әўлийе болған. Ҳәзирги күнде Нурымбет ахун қәбири жайласқан қойымшылықта усы районның абаданластырыў бөлими тәрепинен оңлаў жумыслары алып барылған. Бирақ, бул орында еле де кең көлемде қайта қурыў жумыслары алып барылыўы керек. Келиўшилердиң зиярат етиўи ушын кең имаканиятлар жаратыў зәрүр (АДЖ 2022, № 17).

Жазыўшы А.Дәўлетмуратов Нурымбет ахунның өмири, ислеген мийнетлери, халыққа еткен хызметлери бойынша мағлыўматлар топлады. (Дәўлетмуратов, 2015). Деген менен, халық арасында бул тулға туўралы еле де көбирек таралған аңызлар бар. Бул мағлыўматларды топлаў баслы мақсет болып табылады. Қалаберсе, бул орын туристлердиң де белгили объектине айланыўы тәбийий. Сол қатары Кегейли районында

«Абат» АПЖ аймағында және бир қанша әҳмийетке ийе болған зиярат орынлары бар. Бул орынлар да қайта оңлаўды талап етеди.

Қараөзек районында жайласқан «Қошқар ата» қойымшылығы Нөкистен Қараөзекке «А.Досназаров» АПЖ арқалы өтетуғын жолдың оң тәрепинде, усы АПЖ орайына жетпей онша узақ емес аралықта жайласқан. Қойымшылыққа үлкен жаптың күн шығар тәрепинен, қалың тораңғыллық арасынан жол салынған. Жол бойының бир тәрепи жап, екинши тәрепи егинлик атызлары, және тораңғыллық, бул адамда басқаша сезимлерди пайда етеди. Яғный, ески дәўирлердеги ата-бабаларымыздың жасаған тәбийий орталығы, «пышық мурны батпаған» тоғайлық ҳаққында ойлар келеди. Қойымшылыққа келген жерде тилеўхана салынған. Зияратшылар ушын керекли шараятлар жаратылған (дәстерхана, жер асты баспа «кран» арқалы суў алынады, тилеўхана алды әйўанда отырып қуран-тилаўат етиў мүмкиншилиги бар).

Қошқар атаның басына салынған тилеўхананың гүмбези, дийўаллары гөнерген, қулаў алдында. Бул жерге елеге шекем жергиликли халық келеди. Қойымшылық орны елеге шекем зиярат орны саналады. Сол жердеги шыйықшыхана әтирапындағы буйымлар буны дәлийллейди. Яғный, бул буйымлардың жақын арада пайдаланғанлығы анық көринип тур.

Қошқар ата туўралы халық арасында  бир қатар аңызлар айтылып жүр. Бул жерге Хийўа ханы түнеген екен. Бирақ не мақсетте түнегенлиги белгисиз. Хийўа ханы сол жерге жақын жерден 500 гектар жерди ўақымға берген. Бул ўақым жерден жетим-жесирлер, жарлы халық ўәкиллери емин- еркин пайдаланған. Және бул жерге бийперзент ҳаяллар да келип түнеген. Әсиресе, кийели жәниўар жолбарыслардың түнегенлиги де атап өтиледи (АДЖ 2021, №12).

Дала жазыўлары менен Беруний районында болған ўақтымызда «Тынышлық» АПЖ аймағында да Қошкар баба атлы қойымшылық бар екенлиги мәлим болды. Бирақ, информаторларымыздан сораған ўақтымызда олар Қошқар баба бойынша ҳеш қандай мағлыўматларды келтире алмады. Бул орында халык арасында кароматлы есапланып, оған тийкарынан бийперзент ҳаяллар, кеселликке шалынған, талабы келиспеген адамлар, үйлене алмай жүрген жигитлер де тез-тез келип зиярат етеди екен. Бул жерге қандай да бир нийет етип зиярат етиўшилер тийкарынан ҳәптениң 3-күни келеди. Ата-бабаларын зиярат етип келиўшилер 5-күни (жума күни) келеди. Бул жерде үлкен еки сырыққа жас нәрестелердиң кийимлери байланып кетилген. Және де ер адамлардың кийимлери байланғанлығының гүўасы болдық (АДЖ 2022, № 18).

Бул келтирилген муқаддес зиярат орынларынан басқа елимизде белгили мәканлар жүдә көп. Мәселен, Қабақлы ата, Дийўанайы Бурх (Қараөзек районы), Ырза баба (Қанлыкөл районы), Жантемир ийшан ата, Тоқпақ ата (Мойнақ районы), Шаббаз баба, Биби Мушкул кушод, Бесим молла (Беруний районы) сыяқлы муқаддес орынларды атап өтиўимиз мүмкин. Бул орынлар бойынша бир қанша изертлеў жумыслары алып барылып, китапларда, илимий мақалаларда мағлыўмат келтирилген болыўы мүмкин. Бирақ, бул еле де изертлеўди кеңнен талап етеди.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

Дәўлетмуратов А. Нурымбет ахун. Нөкис, 1977.

Автордың дала жазыўлары (АДЖ), 2021, №12. Қараөзек районы, «А.Досназаров» АПЖ. Информатор: Турсын молла.

АДЖ, 2022, №18. Беруний районы, Муўса Бақсы, 48-жай. Информатор: Бабаниязова Рахатай.

АДЖ, 2022, №17. Кегейли районы. «Абат» АПЖ. Информатор: Байекеев Пиряр.

АДЖ, 2022-жыл, № 12. Шымбай районы, «Қызылөзек» АПЖ. Информатор: Еримбетов Хожамурат.

**МАЗМУНЫ**

I. Х. ЕСБЕРГЕНОВТЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ИЛИМИЙ ИСКЕРЛИГИ ҲАҚҚЫНДА ................. 3

Х. ЕСБЕРГЕНОВТЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ИЛИМИЙ ИСКЕРЛИГИ ........................................ 3

Х. ЕСБЕРГЕНОВТЫҢ ТИЙКАРҒЫ ИЛИМИЙ МИЙНЕТЛЕРИ ....................................... 4

*Ж. Айтмуратов* - МИЛЛЕТ ЗИЯЛЫЛАРЫН АРДАҚЛАҒАН АЛЫМ ............................ 12

*М.М. Давлетияров* - Х.ЕСБЕРГЕНОВТЫҢ МИЙНЕТЛЕРИНДЕ ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ ЭТНОГЕНЕЗИ ҲӘМ ЭТНИКАЛЫҚ ТАРИЙХЫ МӘСЕЛЕСИНИҢ ҮЙРЕНИЛИЎИ ........................................ 14

*А.Р. Қудияров* - ҚАЛА ТАРИЙХЫН ИЗЕРТЛЕЎШИ ........................................ 17

*З.И. Курбанова* - ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ФОЛЬКЛОРНЫХ МАТЕРИАЛОВ В ТРУДАХ Х. ЕСБЕРГЕНОВА ........................................ 21

*С.У.Нуржанов* - КЛАССИФИКАЦИЯ ИСТОЧНИКОВ ИСТОРИЧЕСКОГО КРАЕВЕДЕНИЯ (НА ОСНОВЕ «ҚОҢЫРАТ ТАРИЙХЫЙ ҲӘМ МӘДЕНИЙ ЕСТЕЛИКЛЕРИ» Х.ЕСБЕРГЕНОВА) ........................................ 23

*Н.А. Тлеубергенова* - ВОПРОСЫ МАТЕРИАЛЬНОЙ КУЛЬТУРЫ КАРАКАЛПАКОВ В ТРУДАХ Х. ЕСБЕРГЕНОВА ........................................ 26

II. ЭТНОГРАФИЯ, ЭТНОЛОГИЯ, АНТРОПОЛОГИЯ МӘСЕЛЕЛЕРИ ............................ 29

*М.А. Абдуллаев* - МУСТАҚИЛЛИК ЙИЛЛАРИДА ҚОРАҚАЛПОҚЛАР ЭТНОЛОГИЯСИ ТАДҚИҚИ ........................................ 29

*У.К. Абсетерова* - ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫНЫҢ СУЎСЫЗЛЫҚ ЖЫЛЛАРЫНДА ҚОЛЛАНҒАН ҮРП-ӘДЕТЛЕРИ ........................................ 32

*Г.А. Акимниязова* - КАРАКАЛПАКСКИЕ БАЗАРЫ НАЧАЛА XX ВЕКА КАК КУЛЬТУРНО-РАЗВЛЕКАТЕЛЬНЫЕ ЦЕНТРЫ ........................................ 34

*А.Е. Бижанова, А.Ж. Дауесова* - СЕМАНТИКА ПОМИНАЛЬНЫХ ДАТ В ТРАДИЦИОННОЙ КУЛЬТУРЕ КАЗАХОВ ........................................ 37

*T.R. Jabbarbergenov* - XX ÁSIR JERGLIKLI IZERTLEWSHILERDIŃ MIYNETLERINDE QARAQALPAQ JASLARÍNÍŃ BOS WAQÍTÍ ........................................ 40

*G. Joldasbaeva* - KELIN TAŃLAW HÁM OL MENEN BAYLANÍSLÍ DÁSTÚRLER ...... 42

*Р.А. Исметов* - МУҚАДДЕС ОРЫНЛАРҒА ҚОЙЫЛҒАН АЙЫРЫМ АТАМАЛАР ТАРИЙХЫ ........................................ 45

*Р.С. Камалова* - СОВРЕМЕННАЯ ТРАДИЦИОННАЯ ОБРЯДНОСТЬ: ПРАКТИКА, ФАКТОРЫ И ТЕНДЕНЦИИ (НА ОСНОВЕ СВАДЕБНОЙ ОБРЯДНОСТИ) ................ 48

*З.И. Курбанова* - КУЛЬТУРА ПИТАНИЯ КАРАКАЛПАКОВ ПОД ВОЗДЕЙСТВИЕМ ГЛОБАЛИЗАЦИОННЫХ ПРОЦЕССОВ ........................................ 51

*Д.А. Кудайбергенова* - ЗЕРГЕРЛИК БУЙЫМЛАРЫНДАҒЫ НАҒЫС МОТИВЛЕРИ ... 54

*И.М. Нурмухамедова* - ПЕРВАЯ РУБАШКА МЛАДЕНЦА «*ИЙТ КӨЙЛЕК*» У КАРАКАЛПАКОВ ........................................ 56

*Ә. Қ. Пахратдинов* - КИНДИК ШЕШЕ МЕНЕН БАЙЛАНЫСЛЫ ДӘСТҮРЛЕР .......... 60

*А. Пирназарова* - И.В. САВИЦКИЙ АТЫНДАҒЫ МУЗЕЙ ЭКСПОНАТЛАРЫНЫҢ ЖЫЙНАЛЫЎ ТАРИЙХЫНАН ........................................ 63

*З. Раҳмоналиев* - ЯНГИ ТАРАҚҚИЁТ БОСҚИЧИДА ЭТНОС ВА МИЛЛАТ ТУШУНЧАЛАРИ ........................................ 66

*А.Т.Сайтов* - ПРИМЕТЫ И СУЕВЕРИЯ У КАРАКАЛПАКОВ, СВЯЗАННЫЕ С РЫБОЛОВСТВОМ ........ 69
*О.С. Сейтмуратов* - ПАСТУШЕСКОЕ РЕМЕСЛО У КАРАКАЛПАКОВ ........ 71
*С. Ш.Таджетова* - ҚАРАҚАЛПАҚЛАР ТУРМЫСЫНДА «КЕЛИН» СТАТУСЫ ҚӘЛИПЛЕСИЎИНДЕ ҚЫЗ-БАЛА ТӘРБИЯСЫ ........ 74
*К.Ж. Турекеев* - ОБЫЧАИ И ОБРЯДЫ КАРАКАЛПАКОВ САМАРКАНДСКОЙ ОБЛАСТИ, СВЯЗАННЫЕ С РОЖДЕНИЕМ РЕБЁНКА (НА МАТЕРИАЛЕ БУЛУНГУРСКОГО И ДЖАМБАЙСКОГО РАЙОНОВ) ........ 77
*М.Б. Утебаев* - ПЕРСПЕКТИВЫ КРОСС-КУЛЬТУРНЫХ ИССЛЕДОВАНИЙ В КАРАКАЛПАКСТАНЕ ........ 81
*М.И. Ходжанов* - ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН ЎЗБЕКЛАРИНИНГ СОВЧИЛИК УРФ-ОДАТЛАРИ ........ 84
*Г.М. Хожаниязова* - ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДА ӨЗ-АРА ЖӘРДЕМ ДӘСТҮРИНДЕ ҲАЯЛ-ҚЫЗЛАРДЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ ........ 87
*G. Sharjaubayeva* - QARAQALPAQSTANLÍ KOREYSLERDIŃ AYÍRÍM SHAŃARAQLÍQ MÁRESIMLERI ........ 89
*М.Ж.Эгамберганова* - ЭТНИК ИДЕНТИКЛИК ТУШУНЧАСИНИНГ ЭТНОЛОГИЯ ФАНИДАГИ АҲАМИЯТИ ........ 91
*Б.Ж. Юсупова* - ҚАРАҚАЛПАҚ ҚОЛ ӨНЕРИ: АҒАШҚА НАҒЫС ОЙЫЎ МӘСЕЛЕСИ МУЗЕЙТАНЫЎ ҲӘМ ЭТНО-АҒАРТЫЎШЫЛЫҚ НӘЗЕРИНДЕ ........ 94
III. ЭТНОГРАФИЯ ҲӘМ ГУМАНИТАР ИЛИМЛЕРДИҢ ИНТЕГРАЦИЯЛАСЫЎЫ МӘСЕЛЕЛЕРИ ........ 97
*А.Т. Бекбаулиев* - НЕКОТОРЫЕ ИТОГИ ИЗУЧЕНИЯ КУВШИНОВ С ГОРОДИЩА КУРГАНЧА (КОБЛАНДЫ-КАЛА) ........ 97
*З.У. Бекбергенова* - Ә.ӘЖИНИЯЗОВ ПОЭЗИЯСЫНДА ТОПОНИМЛЕРДИҢ ТУТҚАН ОРНЫ ҲӘМ КӨРКЕМЛИК ХЫЗМЕТИ ........ 101
*A.Ó. Gúlimbetov* - XIX ÁSIR EKINSHI YARÍMÍ XX ÁSIR BASLARÍNDA QUBLA ARAL BOYÍ SAWDA HÁM EKONOMIKASÍNÍŃ TARIYXTANÍWSHÍLÍǴÍ MÁSELESI ........ 104
*О.Т.Доспанов* - АРХЕОЛОГИЯ, ЭТНОГРАФИЯ МАТЕРИАЛЛАРЫНДА ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ ГЕЙПАРА САЛТ-ДӘСТҮРЛЕРИН САЛЫСТЫРЫЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ ........ 106
*Т. Қ. Жәримбетова* - ҚАРАҚАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНДА КӨРКЕМ-ҲҮЖЖЕТЛИ ШЫҒАРМАЛАРДА ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ СҮЎРЕТЛЕЎЛЕР ........ 110
*М.И. Ниязова* - К ВОПРОСАМ ЭТНОАРХЕОЛОГИИ / МАСТЕРСКИЕ ЮВЕЛИРОВ ПОЗДНЕСРЕДНЕВЕКОВОЙ БУХАРЫ ........ 113
*П.Ж.Өтениязов* - ХАЛЫҚ ЕРТЕКЛЕРИНИҢ ПАЙДА БОЛЫЎ ДЕРЕКЛЕРИ ........ 115
*К.С. Палымбетов, О.Ж. Юсупов* - ҚАРАҚАЛПАҚ ЭТНО-ДӘСТАНЛАРЫ: ӘМИР ТЕМУР ТАРИЙХЫЙ ТУЛҒА ҲӘМ ФОЛЬКЛОРЛЫҚ ОБРАЗ ........ 119
*Г.У. Сейдаметова* - ГОРОДСКАЯ СЕМЬЯ И ОСОБЕННОСТИ БРАКОСОЧЕТАНИЯ В КАРАКАЛПАКСТАНЕ В 1960-1980 ГОДЫ ........ 122
*С. Ә. Сулайманов* - ҚУБЛА АРАЛ БОЙЫ ДӘСТҮРИЙ ҚАТНАС ЖОЛЛАРЫНДА СУЎ ЖОЛЛАРЫНЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ ........ 125
*B.U.Temirxanov* - GÁREZSIZLIK JÍLLARÍNDA QARAQALPAQ DIYQANSHÍLÍQ ILIMIY-IZERTLEW INSTITUTÍ ILIMIY JOYBARLARÍ ESABATÍNAN ........ 127

**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлими**

**Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты**

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ ИЗЕРТЛЕЎЛЕР: ТАРИЙХ ҲӘМ ЗАМАНАГӨЙЛИК

Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери,
тарийх илими кандидаты Хожахмет Есбергеновтың 90-жыллығына
бағышланған илимий-әмелий конференция

**МАТЕРИАЛЛАРЫ**


**Редактор:** А.И. Алниязов
**Верстка:** В. Султангулова

**Basıwǵa ruqsat berilgen waqtı 05.05.2023 j. Format – 60/84 $^{1}/_{16}$.**
**"Times" garniturası. Ofset usılında basıldı. Kólemi 8,25 b.t.**
**Nusqası 100 dana. Buyırtpa №14-22/K**

**«Miraziz Nukus» JShJ baspaxanasında basıldı**
Ózbekstan Respublikası baspa sóz hám xabar agentliginiń
2018-jıl 16-maydaǵı № 11–3059 licenziyası.

ISBN 978-9943-8869-6-4
9 789943 886964